



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU VAKSEN COVID-19 LA
EPI REKÒMANDE PREKOSYON PANDAN KA COVID-19 YO AP OGMANTE**

Vaksen ki ajou a vize sou-varyant Omicron COVID-19 la ki efikas kont nouvo souch yo

CDC rekòmande vaksen pou tout Nouyòkè ki gen 6 mwa ak plis ki gen de mwa depi yo te pran dènnye vaksen yo

Nou ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran vaksen anyèl kont grip yo, anplis vaksen COVID ajou a, epi pou yo poze founisè yo kesyon sou vaksen RSV a

Gouvènè Kathy Hochul te mete Nouyòkè yo ajou sou apwobasyon CDC yè swa pou yon vaksen mizajou COVID-19 epi li te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran vaksen an yon fwa li disponib nan fen semèn sa a. Vaksen 2023-24 la, ke [Administrasyon Manje ak Medikaman](#) (Food and Drug Administration, FDA) federal te otorize deja, ta dwe disponib nan famasi ak biwo doktè yo, ansanm ak lòt founisè swen sante yo, atravè Eta New York nan jou k ap vini yo.

"Vaksen an te toujou pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak kominote w la kont COVID-19, epi vaksen ki ajou sa a adrese nouvo souch viris la k ap sikile kounye a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan n ap antre nan sezon otòn la, lè viris respiratwa yo ap sikile, li enpòtan pou Nouyòkè yo konsidere pran vaksen ajou sa a pou pwoteje tèt yo kont viris sa a ki toujou danjere".

Vaksen ki ajou a, ki nesesè akòz iminite k ap diminye ak varyant yo k ap chanje, te refòmile ak devlope nan dènnye mwa yo apre desizyon FDA a pou sible yon sou-varyant nan Omicron, ki rele XBB.1.5. Dapre CDC, plis pase 90% nan viris COVID k ap sikile yo gen rapò sere ak souch sa a, kote tès yo montre vaksen ki ajou a efikas nan ogmante iminite kont yon varyant ki pi resan, ki rele BA.2.86.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,

"Pandan n ap antre nan mwa otòn ak ivè yo, epi yon lòt fwa ankò nou wè yon ogmantasyon nan COVID atravè Eta a, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo sonje ke COVID se yon maladi ki ka trete, epi kounye a nou gen yon vaksen ajou ki pral ede

diminye chans ou pou w malad grav ak entèn lopital. Sonje, sa konsène pwoteksyon pèsònèl, prevansyon pèsònèl ak byennèt pèsònèl".

Yo rekòmande vaksen COVID-19 ki ajou a pou tout moun ki gen 6 mwa oswa plis ki pa te resevwa yon vaksen COVID-19 nan de mwa ki sot pase yo pou yo ka pwoteje tèt yo kont maladi ki kapab grav akòz COVID-19. Dòz yo rekòmande yo varye selon laj ak istwa vaksen COVID-19:

- Timoun 6 mwa jiska 4 an, ki pran vaksen an pou premye fwa, ta dwe pran de dòz vaksen Moderna oswa twa dòz vaksen Pfizer.
- Timoun 6 mwa jiska 4 an ki te pran vaksen anvan ta dwe pran yon sèl dòz nan nenpòt vaksen ki ajou yo.
- Moun 5 jiska 11 an yo elijib pou resevwa yon sèl dòz vaksen ki ajou nan omwen 2 mwa apre dènye dòz nenpòt vaksen COVID-19 yo a, kèlkeswa vaksen yo te pran anvan an.
- Yo rekòmande moun ki gen 12 an oswa plis ki te pran vaksen deja pou yo pran yon sèl dòz vaksen ki ajou swa Pfizer oswa Moderna.
- Yo rekòmande moun ki gen 12 an oswa plis ki pa te pran vaksen deja pou yo pran yon seri de(2) piki.
- Moun ki te enfekte ak COVID-19 nan de dènye mwa yo ta dwe pale ak yon founisè swen sante.

Dapre [Lwa sou Swen Abòdab](#) la, pifò plan asirans sante pral kouvri depans vaksen COVID-19 yo, san yo pa bezwen ko-peman. Moun ki pa gen asirans, oswa kote asirans yo pa kouvri vaksen ki ajou a, ap gen aksè a vaksen yo gratis atravè sant sante kominotè; depatman sante lokal, tribal oswa teritoryal; ak famasi k ap patisipe nan Pwogram Bridge Access HHS la.

Yo ankouraje moun k ap pran vaksen ajou COVID-19 pou poze founisè swen sante yo kesyon sou lòt vaksen yo, tankou grip ak RSV.

Moun ki gen sentòm yo ta dwe fè tès pou COVID-19, epi moun ki teste pozitif yo ta dwe kontakte founisè swen sante yo sou tretman posib, ki te montre yo efikas nan diminye risk rezilta grav. Nouyòkè ki gen sistèm iminitè fèb, ki gen iregilarite nan poumon oswa kadyovaskilè, oswa lòt faktè risk, ak moun ki granmoun aje, nou ankouraje yo sitou pou yo diskite sou tretman COVID-19 yo avèk yon pwofesyonèl swen sante. Moun ki teste pozitif yo ta dwe tou evite kontak ak lòt moun, tankou rete lakay yo lè yo sot nan travay, lekòl ak aktivite sosyal.

Tès COVID-19 lakay yo rete disponib nan anpil famasi lokal nan tout eta a, epi New York kontinye mete mask N-95 bon jan kalite ak twous tès yo disponib pou responsab Eta ak Konte yo sou demann. Nouyòkè yo ta dwe kontakte [depatman sante konte](#) yo oswa [biwo jesyon ijans lokal](#) yo pou plis enfòmasyon. Nouyòkè yo ka jwenn tou sit aktyèl pou vaksen COVID-19 yo [isit la](#).

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York kontinye pran mezi solid pou kontwole ak redwi [pwopagasyon COVID-19](#). Nou te pran mezi sa yo apre kantite moun ki enèn lopital akòz COVID-19 nan New York te ogmante ete sa a epi apre deteksyon BA.2.86 nan dlo ize Vil New York.

[Depatman Sante Eta New York](#) (Department of Health, DOH) ak Wadsworth Center kontinye estrateji esansyèl siveyans dlo ize ak analiz klinik laboratwa, ki fèt ak patnè nan Syracuse University ak atravè eta a, pou konprann pwopagasyon varyant ak enpak potansyèl sou sante piblik.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)